

DEKLARASYON DWA PASYAN

Lè ou se yon pasyan ki nan yon lopital Eta New York, ou gen dwa, ki annamoni avèk lalwa, pou:

1. Konprann ak itilize dwa sa yo. Si pou nenpòt rezon ou pa konprann, oswa si ou bezwen èd, lopital la DWE ba ou èd la, tankou yon entèprèt.
2. Resevwa tretman san diskriminasyon akòz ras, koulè, relijyon, si ou se fanm oswa gason, peyi kote ou fèt, andikap, preferans seksyèl oswa sous peman, oswa laj.
3. Resevwa swen avèk konsiderasyon ak respè nan yon anviwònman ki pwòp ak pwoteje san okenn restriksyon ki pa nesèsè.
4. Resevwa swen pou ijans si ou bezwen sa.
5. Jwenn enfòmasyon sou non ak pòs travay doktè k ap responsab pou ba ou swen sante nan lopital la.
6. Konnen non, pòs travay ak fonksyon nenpòt anplwaye lopital la ki patisipe nan ba ou swen, epitou pou refize resevwa tretman anplwaye sa yo, egzamen yo oswa obsèvasyon yo.
7. Idantifye yon moun pou pran swen ki pou patisipe nan planifikasyon egzeyat ou epi ki pou bay enfòmasyon sou swen sante ou oswa sou enstriksyon yo apre egzeyat ou.
8. Resevwa enfòmasyon detaye sou dyagnostik ou, tretman ou ak sa yo prevwa pou ou.
9. Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen pou bay konsantman ou ki baze sou enfòmasyon ou resevwa pou nenpòt pwosedi oswa tretman yo pwopoze ou. Enfòmasyon sa yo dwe gen ladan risk ak avantaj posib pwosedi a oswa tretman an.
10. Resevwa tout enfòmasyon ou bezwen pou bay konsantman ou ki baze sou enfòmasyon yo ba ou pou yon lòd pou yo pa re-anime ou. Ou gen dwa tou pou chwazi yon moun pou bay konsantman sa a pou ou si ou twò malad pou fè sa. Si ou ta renmen jwenn lòt enfòmasyon, tanpri mande yon kopi tiliv ki rele "Do Not Resuscitate Orders A Guide for Patients and Families" (Lòd Pou Pa Re-anime — Yon Gid pou Pasyan yo ak Fanmi yo).
11. Refize tretman epi pou jwenn enfòmasyon sou konsekans sa ka gen sou sante ou.
12. Refize patisipe nan rechèch. Nan deside si pou patisipe oswa si pou pa patisipe, ou gen dwa pou jwenn yon eksplikasyon an detay.
13. Entimite ou pandan ou nan lopital la ak konfidansyalite tout enfòmasyon ak dosye konsènan swen sante ou.
14. Patrisipe nan tout desizyon konsènan tretman ou ak egzeyat ou nan lopital la. Lopital la dwe ba ou yon plan egzeyat alekri ak deskripsyon alekri ak yon deskripsyon alekri sou fason ou kapab konteste egzeyat ou.
15. Revize dosye medikal ou san ou pa peye frè. Jwenn yon kopi dosye medikal ou kote lopital la kapab fè ou peye yon frè ki rezonab. Ou pa kapab jwenn refi pou yon kopi sèlman paske ou kapab peye li.
16. Resevwa bòdwo detaye ak eksplikasyon tout frè yo.
17. Wè yon lis frè nòmal lopital la reklame pou atik ak sèvis ak plan sante kote lopital la se patnè.
18. Ou gen dwa pou konteste bòdwo ou pa t espere nan pwosesis Rezolisyon Konfli Endepandan.
19. Pote plen san ou pa pè vanjans konsènan swen ak sèvis ou resevwa yo, pou fè lopital la reponn ou, epitou si ou mande sa pou yo ba ou yon repons alekri. Si ou pa satisfè avèk repons lopital la, ou kapab pote plent nan Depatman Sante Eta New York. Lopital la dwe ba ou nimewo telefòn Depatman Sante a.
20. Otorize manm fanmi ak lòt adilt y ap bay priyorite pou fè vizit ki annakò avèk mwayen ou pou resevwa vizitè yo.
21. Fè konnen sa ou vle yo anrapò avèk don ògàn anatomik. Ou ka mete dezi ou yo nan dokiman si reprezantan swen medikal ou oswa sou yon kat donè, ki disponib nan lopital la.

Si ou gen yon enkyetid konsènan swen ou te resevwa a, nou ankouraje w pou rapòte li bay doktè ou a, oswa ou ka kontakte Depatman Relasyon Pasyan (Department of Patient Relations) Medikal Sant Maimonides nan (718) 283-7212. Si enkyetid ou yo pa adrese nan satisfaksyon ou, ou ka rapòte tou yon plent dirèkteman nan The Joint Commission nan e-mail plent@jointcommission.org, Faks 630-792-5636, oswa lapòs nan Office of Quality Monitoring (Biwo Siveyans Kalite,) The Joint Commission, One Renaissance Boulevard, Oakbrook Terrace, Illinois 60181

Si ou kwè doktè ou, oswa asistan doktè ou a, te gen yon konpòtman ki pa apwopriye, pote plent pou enkyetid ou konsènan konpòtman ki pa pwofesyonèl la bay Biwo pou Konpòtman Medikal Pwofesyonèl (Office of Professional Medical Conduct, OPMC) Eta New York. Kontakte Biwo pou Konpòtman Medikal Pwofesyonèl Depatman Sante Eta New York la: 1- 800-663-6114 | <https://www.health.ny.gov/professionals/doctors/conduct/contact.htm>

Lwa sou Sante Piblik (Public Health Law, PHL) 2803, (1)(g)Patient's Rights, 10NYCRR, 405.7,405.7(a)(1),405.7(c) (2/2019)